

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 1 nan 30

1.0 Deklarasyon Politik

Kaiser Foundation Health Plans (KFHP) ak Kaiser Foundation Hospitals (KFH) pran angajman pou bay pwogram ki fasilite aksè ak swen pou popilasyon ki defavorize yo. Angajman sa a gen ladan bay asistans finansye pou pasyan ki kalifye ki pa gen gwo revni, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans lè kapasite pou peye sèvis yo reprezante yon obstak pou jwenn aksè ak swen an ijans epi ak swen medikal ki nesèsè yo.

2.0 Objektif

Règleman sa a dekri kondisyon pou ou ranpli pou ou ka jwenn asistans finansye pou sèvis ijans ak sèvis ki nesèsè nan domèn medikal atravè pwogram Asistans Finansye Medikal (Medical Financial Assistance, MFA). Egzijans yo an akò ak Atik 501(r) nan Kòd Fiskal (Internal Revenue Code) Ameriken an ansanm ak règleman nan eta a ki anvigè konsènan sèvis ki elijib yo, kijan pou jwenn aksè, kritè pou ou kalifye nan pwogram yo, estrikti sibvansyon MFA yo, baz pou kalkile montan sibvansyon yo, ak demach ki akseptab yo pou sizoka si yo pa peye bòdwo medikal yo.

3.0 Kad

Règleman sa a aplike pou anplwaye ki k ap travay pou antrepriz sa yo ak sikisal yo (yo tout ansanm rele "KFHP/H"):

- 3.1** Kaiser Foundation Health Plan, Inc. (KFHP);
- 3.2** Kaiser Foundation Hospitals (KFH); ak
- 3.3** Sikisal KFHP/H yo.
- 3.4** Règleman sa a aplike pou Kaiser Foundation Hospitals ak klinik ki afilye ak lopital ki nan lis *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8.*

4.0 Definisyon

Gade *Anèks A – Glosè Tèm yo.*

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 2 nan 30

5.0 Dispozisyon

KFHP/H kenbe yon pwogram MFA ki baze sou resous yo pou diminye baryè finansye ki genyen pou resewa swen an ijans ak swen medikal ki nesèsè pou pasyan ki elijib yo, kèlkeswa laj yo, andikap, sèks, ras, relijyon oswa estati imigrasyon, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, epi si wi ou non pasyan an gen kouvèti medikal.

5.1 Sèvis ki elijib yo ak sèvis ki pa elijib yo dapre Règleman MFA yo

5.1.1 Sèvis ki elijib yo. Yo ka aplike MFA pou kèk (1) sèvis swen sante ki nesèsè sou plan medikal, tankou swen ijans; (2) sèvis ak pwodui famasi; epi (3) founiti medikal yo bay nan sant Kaiser Permanente (KP) yo (pa egzanp, lopital, klinik ki afilye ak lopital, sant medikal, ak batiman ki gen biwo medikal yo), nan famasi ekstèn yo, nan famasi ki vann adistans yo ak nan famasi ki espesyalize nan KFHP/H yo, oswa pa mwayen founisè KP yo, jan sa dekri anba a:

5.1.1.1 Sèvis Nesèsè pou Rezon Medikal. Swen, tretman, oswa sèvis yon founisè KP preskri oswa bay ki nesèsè pou fè prevansyon, evalyasyon, dyagnostik, oswa tretman yon pwoblèm medikal epi ki sitou pa gen rapò ak konfò pasyan an oswa ak founisè swen medikal la.

5.1.1.2 Preskripsyon ak Pwodui nan Famasi.

Preskripsyon yo prezante nan yon famasi KFHP/H epi se founisè PK yo ak founisè ki sou kontra yo, founisè sèvis ijans ak founisè swen ijans ki pa nan PK yo, Dantis (Doctors of Medicine in Dentistry, DMD) ak Chirijyen Dantis (Doctors of Dental Surgery, DDS) yo ki ekri yo.

5.1.1.2.1 Medikaman Jenerik. Li pi bon pou itilize medikaman jenerik, chak fwa sa posib.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 3 nan 30

5.1.1.2.2 Medikaman ki gen Mak Komèsyal

yo. Medikaman ki gen non mak komèsyal yon founisè KP preskri elijib si:

5.1.1.2.2.1 Yo mansyone “Dispense as Written” (DAW) sou preskripsyon an, oswa

5.1.1.2.2.2 Pa gen ekivalan jenerik ki disponib.

5.1.1.2.3 Medikaman san preskripsyon oswa

Pwodui pou famasi. Pwodwi sa yo elijib lè:

5.1.1.2.3.1 Yon founisè KP te ekri preskripsyon an oswa kòmann nan;

5.1.1.2.3.2 Yo distribye atik la nan yon famasi KP; epi

5.1.1.2.3.3 Atik la disponib regilyèman nan famasi KP a.

5.1.1.2.4 Benefisyè Medicare yo. Aplike pou benefisyè Medicare yo pou medikaman ki sou preskripsyon Medicare Pati D kouvri sou fòm yon dispans pou famasi.

5.1.1.2.5 Medikaman Dantè. Medikaman pou pasyan ekstèn yon DMD oswa yon DDS preskri yo akseptab si medikaman yo nesesè sou plan medikal pou tretman sèvis dantè.

5.1.1.3 Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME). DME ki otorize yo limite ak ekipman ki disponib regilyèman nan sant KP yo, epi KFHP/H bay li pou yon pasyan ki satisfè kritè ki koresponn ak bezwen medikal yo. Yon founisè KP dwe kòmande DME yon fason ki an akò ak enstriksyon DME yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 4 nan 30

5.1.1.4 Sèvis Medicaid yo Refize. Sèvis medikal, preskripsyon, pwodui famasi, ak DME ki pa kouvri nan pwogram Medicaid eta a, men yo detèmine yo nesèsè nan domèn medikal epi yon founisè KP te fè kòmman nan (pa egzanp, sikonsizyon tibebe ki fèk fèt, sèvis èni, konpozisyon nan famasi, medikaman pou trete sentòm yo, elatriye).

5.1.1.5 Kou Edikasyon nan zafè Lasante. Se KP ki pwograme epi ki bay kou ki disponib yo yon founisè KP te rekòmande kòm yon pati nan plan swen pasyan an.

5.1.1.6 Sèvis ki disponib sou yon baz eksepsyon. Nan kèk sitiyasyon eksepsyonèl, yo ka aplike MFA pou chwazi sèvis ak pwodui ki nesèsè pou rann li pi fasil pou yo egzeyate yon pasyan ki entène nan yon lopital ki satisfè kritè Elijiblite yo pou Depans Medikal ki Wo yo eksplike pi ba a, gade seksyon 5.6.2. Si pasyan an satisfè kritè yo, sèvis ki kouvri yo ka gen ladan sèvis Enfimyè kalifye, Swen Entèmedyè ak sèvis Lojman yo bay nan yon sant ki pa yon sant KP. Pwodui yo ka gen ladan DME yon founisè KP preskri oswa kòmande epi yon founisè ki gen kontra/machann fè livrezon an, jan sa dekri anba a.

5.1.1.6.1 Sèvis Enfimyè kalifye, Swen Entèmedyè ak Sèvis Lojman. Se yon sant KP ki sou kontra ki bay sèvis sa yo pou yon pasyan ki gen yon bezwen medikal byen presi pou rann li pi fasil pou yo egzeyate l nan yon lopital.

5.1.1.6.2 Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME). Yon founisè KP dwe kòmande DME yon fason ki an akò ak enstriksyon DME yo epi se yon machann ki fè kontra avèk Depatman KFHP/H DME a ki fè livrezon an.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 5 nan 30

5.1.2 Sèvis ki pa elijib yo. MFA ka pa ka aplike pou:

5.1.2.1 Sèvis ki pa konsidere kòm ijan oswa ki pa nesesè nan domèn medikal, selon desizyon yon founisè KP. Lis ki annapre a se pa yon lis konplè sou egzanp sèvis ki pa ijans oswa ki pa nesesè sou plan medikal:

- 5.1.2.1.1 Operasyon oswa sèvis estetik, ki gen ladan sèvis dèmatoloji ki sitou gen pou objektif amelyore aparans pasyan an.
- 5.1.2.1.2 Tretman enfètilite ak sèvis ki asosye avè l yo ki gen ladan dyagnostik.
- 5.1.2.1.3 Vann an detay pwodui medikal.
- 5.1.2.1.4 Terapi altènatif, tankou akiponkti, kiwo pratik, ak sèvis masaj.
- 5.1.2.1.5 Piki ak aparèy pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak seksyalite.
- 5.1.2.1.6 Sèvis matènite sou siveyans.
- 5.1.2.1.7 Sèvis ki gen rapò ak responsablite yon lòt pati, pwoteksyon asirans pèsònèl oswa ka konpansasyon travayè yo.
- 5.1.2.1.8 **Sèvis pou Pasyan ki pa gen Asirans Sante KP.** Sèvis ki pa ijan ak pwodui famasi pou pasyan ekstèn ki kouvri anba pwoteksyon sante pou pasyan ki pa nan KP ki mande pou pasyan yo itilize yon rezo founisè espesifik ansanm ak famasi yo rekòmande ki pa nan KP.

5.1.2.2 Preskripsyon ak pwodui famasi ki pa konsidere kòm ijan oswa ki pa nesesè nan domèn medikal. Preskripsyon ak pwodui famasi ki pa konsidere kòm ijan oswa ki pa nesesè nan domèn medikal pa sèlman gen ladan:

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 6 nan 30

5.1.2.2.1 Medikaman Komite Famasi ak Terapi a pa t apwouve.

5.1.2.2.2 Medikaman ak pwodui san preskripsyon yon founisè KP pa t preskri oswa kòmande.

5.1.2.2.3 Medikaman san preskripsyon ak pwodui ki pa disponib regilyèman nan famasi KP a epi yo dwe kòmande espesyalman.

5.1.2.2.4 Sèvis ki gen rapò ak responsablite yon lòt pati, pwoteksyon asirans pèsonèl oswa ka konpansasyon travayè yo.

5.1.2.2.5 Medikaman yo espesyalman retire (pa egzanp, fètilite, estetik, pwoblèm ki gen rapò ak seksyalitel).

5.1.2.3 Preskripsyon pou moun ki enskri nan Pati D Medicare ki elijib pou oswa ki enskri nan Pwogram Sibvansyon pou Revni ki Ba (Low Income Subsidy, LIS). Patisipasyon ki rete nan depans pou medikaman yo preskri pou moun ki enskri nan Pati D Medicare Advantage ki swa elijib oswa ki enskri nan pwogram LIS la, an amoni ak enstriksyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS).

5.1.2.4 Sèvis yo bay deyò sant KP yo. Règleman MFA a aplike sèlman pou sèvis yo bay nan lokal KP yo, oswa pa mwayen founisè KP yo.

5.1.2.4.1 Menm lè se yon founisè KP bay referans la, tout lòt sèvis yo pa elijib pou MFA.

5.1.2.4.2 Sèvis yo bay nan klinik medikal ki pa KP yo, sant swen ijans ak sèvis ijans, ansanm ak sèvis sante adomisil ki pa KP, swen ospis, swen rekiperasyon, ak swen gadyen, sof si yo idantifye kòm yon eksepsyon an akò ak seksyon 5.1.1.6 pi wo a.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 7 nan 30

5.1.2.5 Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME). Pwodui DME yon founisè ki sou kontra bay yo pa ladan, kit se yon founisè PK ki te kòmande l kit se pa yon founisè Pk ki te kòmande l, sof si yo idantifye l kòm yon eksepsyon an amoni ak seksyon 5.1.1.6 ki pi wo a.

5.1.2.6 Sèvis Transpò ak Depans Vwayaj. Pwogram MFA a pa ede pasyan yo peye pou transpò ijan oswa ki pa ijan oswa depans ki gen rapò ak vwayaj (sa vle di, lojman ak manje).

5.1.2.7 Prim Asirans Sante. Pwogram MFA a pa ede pasyan yo peye depans ki asosye ak kouvèti swen sante yo (sa vle di, kotizasyon oswa prim).

5.1.3 Lòt enfòmasyon konsènan sèvis ak pwodui ki elijib epi ki pa elijib pou rejyon espesifik yo jwenn nan Addendum ki apwopriye a. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8.*

5.2 Founisè yo. MFA a aplike sèlman pou sèvis ki elijib founisè swen medikal yo bay kote yo aplike politik MFA yo. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8.*

5.3 Sous Enfòmasyon sou Pwogram ak Fason Pou Aplike pou MFA. Gen plis enfòmasyon sou pwogram MFA a ak sou fason pou aplike nan rezime ki nan Addendum ki apwopriye a. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8.*

5.3.1 Sous enfòmasyon pou Pwogram yo. Kopi règleman MFA yo, fòm aplikasyon yo, enstriksyon, ak rezime nan langaj klè (sa vle di, rezime règleman oswa bwochi pwogram yo) disponib gratis pou piblik la, sou sitwèb KFHP/H a, nan imèl, an pèsòn, oswa nan kourye lapòs Ameriken.

5.3.2 Aplike pou MFA. Pou aplike pou pwogram MFA a, yon pasyan oblije demontre li gen yon bezwen ki ijan ki gen rapò ak bòdwo pou yon balans pou sèvis KP yo, yon randevou pwograme ak KP, oswa yon preskripsyon famasi yon founisè KP kòmande pou sèvis ki elijib yo, jan sa dekri pi wo a.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 8 nan 30

Yon pasyan ka aplike pou pwogram MFA a nan plizyè fason, tankou sou entènèt, an pèsòn, nan telefòn, oswa sou papye.

5.3.2.1 Pwogram MFA nan KP. Pasyan yo oblije aplike pou pwogram MFA nan zòn sèvis KP yo kote y ap resevwa sèvis nan KP yo.

5.3.2.2 Evalyasyon Pasyan yo pou detèmine si yo elijib pou Pwogram Piblik ak Prive yo. KFHP/H ankouraje tout moun pou yo jwenn kouvèti asirans sante pou asire yo gen aksè ak sèvis swen sante yo, pou sante pèsònèl yo anjeneral, ak pou pwoteksyon byen pasyan yo. KFHP/H pral ede pasyan ki pa gen asirans yo oswa reprezantan yo pou yo idantifye epi aplike pou pwogram èd ki disponib yo tankou Medicaid ak kouvèti asirans ki disponib nan Health Benefit Exchange. Yon pasyan ki sipoze elijib pou Medicaid oswa pou kouvèti asirans ki disponib nan Health Benefit Exchange ka oblije aplike pou pwogram sa yo. Pasyan ki gen yon sitiyasyon finansye ki depase kritè kalifikasyon revni Medicaid yo p ap oblije aplike pou Medicaid.

5.4 Enfòmasyon ki nesèsè pou aplike pou MFA. Yo mande enfòmasyon konplè pèsònèl, finansye ak lòt enfòmasyon ki nesèsè pou verifye sitiyasyon finansye pasyan an pou detèmine kalifikasyon li pou pwogram MFA a, ansanm ak kalifikasyon li pou Medicaid ak kouvèti asirans sibvansyone ki disponib nan Health Benefit Exchange. Yo verifye sitiyasyon finansye yon pasyan chak fwa pasyan an aplike pou jwenn èd.

5.4.1 Bay Enfòmasyon Finansye. Pasyan yo oblije bay enfòmasyon sou kantite moun ki lakay yo ak sou revni yo nan aplikasyon MFA yo, sepandan, prezante dokiman finansye pou pèmèt yo verifye sitiyasyon finansye a ochwa, sof si KP mande sa espesyalman.

5.4.1.1 Verifikasyon Eitati Finansye san Dokiman Finansye. Si dokiman finansye yo pa ansanm ak aplikasyon MFA a, yo pral verifye sitiyasyon finansye yon pasyan lè yo sèvi avèk sous done ekstèn yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvye 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 9 nan 30

Si yo pa ka verifye sitiyasyon finansye yon pasyan lè yo sèvi avèk sous done ekstèn yo, yo ka mande pasyan an pou l soumèt dokiman finansye ki mansyone nan aplikasyon pwogram MFA a pou pèmèt yo verifye sitiyasyon finansye li.

5.4.1.2 Verifikasyon Estati Finansye avèk Dokiman

Finansye. Si dokiman finansye yo tou ansanm ak aplikasyon MFA a, kalifikasyon an pral baze sou enfòmasyon yo bay yo.

5.4.2 Bay enfòmasyon ki konplè. Yo detèmine kalifikasyon nan pwogram MFA a yon fwa yo resevwa tout enfòmasyon pèsònèl, finansye ak lòt enfòmasyon yo te mande yo.

5.4.3 Enfòmasyon ki pa konplè. Y ap enfòme yon pasyan an pèsòn, nan lapòs, oswa nan telefòn si enfòmasyon yo resevwa yo pa konplè. Pasyan an ka soumèt enfòmasyon ki manke yo nan yon delè 30 jou apati: swa depi dat yo te voye avi a nan lapòs la, swa apati konvèsasyon an pèsòn ki te fèt la, oswa apati konvèsasyon nan telefòn ki te fèt. Yo ka refize bay MFA a akòz enfòmasyon ki pa konplè.

5.4.4 Enfòmasyon yo mande yo pa disponib. Yon pasyan ki pa gen enfòmasyon yo mande ki mansyone nan aplikasyon pou pwogram nan ka kontakte KFHP/H pou diskite sou lòt dokiman ki disponib pou pwouve kalifikasyon li.

5.4.5 Pa gen enfòmasyon finansye ki disponib. Yon pasyan oblije bay enfòmasyon finansye debaz yo (sa vle di, revni, si genyen, ak sous yo) omwen epi sètifye validite yo lè:
(1) yo pa kapab verifye sitiyasyon finansye li lè yo sèvi avèk sous done ekstèn yo; (2) enfòmasyon finansye yo mande yo pa disponib; epi (3) pa gen okenn lòt dokiman ki ka pwouve kalifikasyon li. Y ap mande pasyan an enfòmasyon finansye debaz yo ak yon atestasyon nan ka ki vin annapre yo:

5.4.5.1 Pasyan an se yon sanzabri oswa li te resevwa swen nan yon klinik pou sanzabri.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 10 nan 30

5.4.5.2 Pasyan an pa gen revni, li pa resevwa yon chèk fòmèl nan men patwon li (eksepte moun k ap travay ak tèt yo), li resevwa lajan kòm kado, oswa li pa t oblije ranpli yon deklarasyon enpo sou revni federal oswa nan eta a pandan ane fiskal ki pase a.

5.4.5.3 Pasyan an te viktim nan yon katastwòf nasyonal oswa rejyonal tout moun byen konnen oswa nan yon ijans sante piblik (Gade seksyon 5.11 ki pi ba a).

5.4.6 Kowoperasyon Pasyan an. Yon pasyan oblije fè yon efò rezonab pou bay tout enfòmasyon yo mande yo. Si yo pa bay tout enfòmasyon yo mande yo, yo ka pran an konsiderasyon sikonstans yo lè y ap detèmine kalifikasyon yo.

5.5 Detèminasyon kalifikasyon sou baz yon estimasyon. Yo ka apwouve asistans finansye yo san pa gen yon demann konplè nan sitiyasyon kote pasyan an gen yon balans pou l peye, li pa reponn ak efò sansibilizasyon KP yo epi li pa t depoze yon demann, men gen lòt enfòmasyon ki disponib ki pwouve li gen yon difikilte finansye. Si yo detèmine li elijib, pasyan an pa oblije bay enfòmasyon pèsònèl, finansye, oswa lòt enfòmasyon pou verifye sitiyasyon finansye li epi li pral resevwa otomatikman yon sibvansyon MFA. Motif ak enfòmasyon sipò pou detèminasyon kalifikasyon sou baz yon estimasyon pral anrejistre nan kont pasyan an epi yo ka mete lòt obsèvasyon sou pasyan an. Yo sipoze yon pasyan elijib epi yo anile egzijans dokiman yo si pasyan an te kalifye davans oswa si gen prèv ki gen rapò ak difikilte finansye.

5.5.1 Kalifye davans. Sitiyasyon kote gen prèv yon pasyan enskri nan yon pwogram èd piblik ak prive ki endike anba a oswa pwosesis verifikasyon finansye a detèmine ka gen posiblite pou l kalifye nan pwogram sa a konsidere kòm elijib (sa vle di, kalifikasyon davans) pou pwogram MFA a. Yo konsidere pasyan an kalifye davans si pasyan an satisfè nenpòt nan kritè sa yo:

5.5.1.1 Èske li enskri nan yon pwogram Community MFA (CMFA) kote yo te refere pasyan an epi kalifye davans atravè: (1) gouvènman federal la, eta a,

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 11 nan 30

oswa otorite lokal yo, (2) yon òganizasyon asosye ki nan kominote a, oswa (3) nan yon aktivite sante kominotè KFHP/H finanse.

5.5.1.2 Li enskri nan yon pwogram KP Community Benefit ki fèt pou favorize aksè ak swen pou pasyan ki gen revni fèb epi pèsònèl KFHP/H ki nome a te kalifye li davans.

5.5.1.3 Li enskri oswa yo sipoze li elijib pou yon pwogram kouvèti asirans sante ki fyab selon resous yo (pa egzanp, Medicaid, Pwogram Sibvansyon pou Revni ki Ba nan kad Medicare, kouvèti sibvansyone ki disponib nan Health Benefit Exchange).

5.5.1.4 Li enskri nan yon pwogram asistans piblik ki fyab selon resous yo (pa egzanp, pwogram pou Fanm, pwogram pou Tibebe ak Timoun, pwogram Nitrisyon ak Asistans Siplemantè, pwogram asistans pou enèji nan kay ki gen revni fèb, pwogram manje midi gratis oswa ak pri redui).

5.5.1.5 Rete nan lojman pou moun ki gen fèb revni oswa ki sibvansyone.

5.5.1.6 Li te deja jwenn yon sibvansyon MFA ki te kòmanse pandan 30 dènye jou yo.

5.5.2 Prèw sou Difililte Finansye yo. Yon pasyan ki te resevwa swen nan yon sant KP epi pou pasyan sa a gen prèw anrapò ak difililte finansye (pa egzanp, balans ki pa peye oswa pa gen mwayen pou peye) KP ka egzamine sitiyasyon pasyan an pou verifiye kalifikasyon li nan pwogram nan ansanm ak difililte finansye pasyan an genyen yo lè l sèvi ak sous done ekstèn yo. Si li elijib, pasyan an ap resevwa yon sibvansyon nan men MFA pou montan li pa peye ki elijib yo sèlman.

5.5.2.1 KP Detèmine Kalifikasyon yo. KP ka verifiye kalifikasyon pasyan yo nan pwogram nan anvan yo transmèt balans yo a bay yon ajans rekouvremant dèt.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 12 nan 30

5.5.2.1.1 Balans Pèsonèl ki Poko Peye. KP pral verifye kalifikasyon pasyan yo te idantifye pou transmèt balans yo genyen yo bay yon ajans rekouvremant dèt selon kritè resous yo. Gade seksyon 5.6.1 anba a.

5.5.2.1.2 Prèw sou Difikilte Finansye yo. Enfòmasyon finansye pou kèk pasyan ki gen dèt ka pa disponib pou detèmine kalifikasyon yo, men lòt prèw sou difikilte finansye yo rapòte bay KP ka pèmèt yo detèmine revni ki fèb yo. Yo pral itilize dèt ki elijib yo nan pwogram MFA a epi yo pa pral pran yo an konsiderasyon nan lòt operasyon pou rekouvremant yo. Prèw sou difikilte finansye yo pa sèlman gen ladan:

5.5.2.1.2.1 Pasyan pa yon sitwayen ameriken, li pa gen esponsò, li pa nimewo sekirite sosyal, li pa gen dokiman fiskal, oswa adrès faktirasyon ki valab; li pa t pale ak KP konsènan kont li a; epi efò rezonab rekouvremant yo montre pasyan an pa gen resous finansye oswa byen nan peyi kote li soti a.

5.5.2.1.2.2 Pasyan an gen yon dèt pou sèvis KP a te deja ba li epi depi lè sa a, yo te mete l nan prizon pou yon bon bout tan; li pa marye; li pa gen okenn prèw revni; epi KP a pa t kapab kontakte pasyan an.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 13 nan 30

5.5.2.1.2.3 Pasyan an mouri san patrimwàn/byen oswa li pa gen fanmi ki responsab dèt li yo.

5.5.2.1.2.4 Pasyan an mouri, epi testaman an oswa patrimwàn yo montre li pa t gen mwayen pou peye.

5.6 Kritè Kalifikasyon pou Pwogram yo. Jan yo rezime sa nan seksyon V nan addenda espesifik pou rejyon yo, yon pasyan k ap aplike pou MFA ka kalifye pou asistans finansye selon kritè ki asosye ak resous yo oswa gwo depans medikal yo. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8*.

5.6.1 Kritè evalyasyon resous yo. Yo evalye yon pasyan pou detèmine si li satisfè kritè kalifikasyon selon resous yo.

5.6.1.1 Kalifikasyon ki baze sou nivo revni. Yon pasyan ki gen yon revni familyal brit ki pi piti oswa ki egal ak kritè evalyasyon resous KFHP/H yo kòm yon pousantaj nan Gid Povrete Federal yo (Federal Poverty Guidelines, FPG) elijib pou asistans finansye. Yo p ap konside byen yon moun genyen nan evalyasyon resous yo.

5.6.1.2 Revni moun nan kay la. Egzijans sou revni yo valab pou moun ki nan kay la. Yon kay vle di yon sèl moun oswa yon gwoup ki gen de (2) oswa plis moun ki soti nan menm fanmi, ki marye oswa ki adopte k ap viv ansanm. Moun ki nan kay la ka gen ladan konjwen, patnè k ap viv nan plasaj ki kalifye, timoun, fanmi moun k ap okipe yo, pitit fanmi moun k ap okipe yo a, ak lòt moun ki gen moun ki selibatè a, konjwen an, patnè ki plase a, oswa paran ki responsab nan domèn finansye a ki abite nan kay la.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 14 nan 30

5.6.2 Kritè pou gwo depans medikal. Yo evalye yon pasyan pou detèmine si li satisfè kritè kalifikasyon pou gwo depans medikal yo.

5.6.2.1 Kalifikasyon ki baze sou gwo depans medikal yo. Yon pasyan ki gen nenpòt nivo revni brit nan kay la ki gen depans medikal ak famasi pou sèvis ki elijib yo pandan peryòd 12 mwa ki vin anvan aplikasyon an ki pi gran oswa ki egal ak 10% nan revni anyèl fanmi an elijib pou asistans finansye.

5.6.2.1.1 Depans pèsonèl KFHP/H. Depans medikal ak famasi ki fèt nan sant KP yo tankou kopeman, depo, ko-asirans, ak franchiz ki gen rapò ak sèvis ki kalifye yo.

5.6.2.1.2 Depans ki pa gen rapò ak KFHP/H. Nan depans sa yo gen depans medikal, famasi, ak dantè yo bay nan sant ki pa sant KP yo ki gen rapò ak sèvis ki elijib yo epi ki nesèsè nan domèn medikal, epi se pasyan an ki fè depans yo (eksepte nenpòt rabè oswa sipresyon). Pasyan an oblije bay dokiman ki gen rapò ak depans medikal li te fè pou sèvis li te resevwa nan sant ki pa sant KP yo.

5.6.2.1.2.1 Si founisè swen an pa nan KFHP/H epi depans ki te fèt nan lokal yo a ofri yon pwogram Asistans Finansye kote pasyan an ka elijib, pasyan an dwe aplike anvan yo konsidere frè yo kòm yon depans medikal ki elijib.

5.6.2.1.3 Prim Asirans Sante. Depans pèsonèl yo pa gen ladan depans ki asosye ak kouvèti swen sante yo (sa vle di, kotizasyon oswa prim).

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 15 nan 30

5.7 Refi ak Kontestasyon.

5.7.1 Refi. Yon pasyan ki aplike pou pwogram MFA a epi ki pa satisfè kritè kalifikasyon yo resevwa enfòmasyon alekri ki fè konnen yo refize demann li te fè pou MFA a.

5.7.2 Fason pou konteste yon refi MFA. Pasyan yo te refize bay MFA oswa yo te apwouve epi ki kwè yo kalifye pou yon sibvansyon MFA ki pi wo ka konteste desizyon an. Yo ankouraje pasyan yo pou yo konteste si yo: (1) pa t deja soumèt dokiman finansye yo, oswa (2) si revni moun lakay yo te chanje. Enstriksyon pou fè pwosesis kontestasyon an vini ansanm ak lèt refi ak apwobasyon MFA yo ak sou sit entènèt MFA a. Anplwaye KFHP/H chwazi a ap egzamine kontestasyon yo. N ap enfòme pasyan yo alekri pou ba yo desizyon ki pran sou kontestasyon yo a. Tout desizyon ki pran sou kontestasyon yo definitif.

5.8 Estrikti Sibvansyon an. Sibvansyon MFA yo aplike pou dèt ki elijib yo pa peye yo, pou dèt yo transfere bay yon ajans rekouvremant, ak cepans ki annatant yo. Sibvansyon MFA yo ka gen ladan tou yon peryòd kalifikasyon pou nenpòt sèvis swivi ki obligatwa, selon desizyon yon founisè KP pran.

5.8.1 Baz sibvansyon an. Yo detèmine montan frè pwogram MFA a peye pou pasyan an selon si pasyan an gen kouvèti swen sante ak si pasyan an gen revni moun ki lakay li.

5.8.1.1 Pasyan ki elijib pou MFA san kouvèti swen sante (ki pa gen asirans). Yon pasyan ki elijib ki pa gen asirans ap resevwa yon rabè sou depans li fè nan tout sèvis ki kalifye yo.

5.8.1.2 Pasyan ki elijib pou MFA ki gen kouvèti swen sante (ki gen asirans). Yon pasyan ki elijib ki gen asirans ap resevwa yon rabè sou depans li fè nan tout sèvis ki kalifye yo kote (1) pasyan an responsab pèsònèlman, epi (2) konpayi asirans yo pa peye. Pasyan an oblije bay dokiman, tankou yon Eksplikasyon sou Avantaj yo (Explanation of Benefits, EOB), pou detèmine ki pòsyon nan bòdwo a asirans

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 16 nan 30

la kouvri. Yon pasyan ki elijib ki gen asirans oblije depoze yon kontestasyon nan konpayi asirans li a pou tout demann ranbousman yo refize. Pasyan ki elijib ki gen asirans yo oblije bay dokiman ki montre konpayi asirans yo a refize kontestasyon yo fè a.

5.8.1.2.1 Peman yo resevwa nan men konpayi asirans la. Yon pasyan ki elijib ki gen asirans oblije bay KFHP/H tout peman pou sèvis KFHP/H bay pasyan an epi pasyan an jwenn yo nan men konpayi asirans li a.

5.8.1.3 Pwogram rabè. Kantite lajan KP chaje yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye medikal yo baze sou nati kritè kalifikasyon yo te itilize pou kalifye pasyan an nan pwogram nan. Gen plis enfòmasyon sou rabè yo ki disponib selon kontra a nan rezime ki nan Addendum ki apwopriye a. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8*.

5.8.1.3.1 Detèmine kalifikasyon sou Baz Estimasyon – Kalifye davans. Yon pasyan ki kalifye davans (jan sa rezime nan seksyon 5.5.1) pou kalifikasyon MFA yo pral resevwa yon rabè 100% nan MFA pou depans oswa frè pasyan an bay pou sèvis li resevwa ki sou kont li yo.

5.8.1.3.2 Kp detèmine kalifikasyon yo sou baz yon estimasyon - Balans pèsònèl ki poko peye. Yon pasyan ki satisfè kritè resous yo pral resevwa yon rabè nan men MFA sou baz yon echèl fleksib pou depans pasyan an fè oswa pou yon pati nan frè pasyan an bay pou sèvis li resevwa ki sou kont li yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 17 nan 30

5.8.1.3.3 Kp detèmine kalifikasyon yo sou baz yon estimasyon - prèv sou difikilte finansye yo. Yon pasyan ki satisfè kritè pou prèv sou difikilte finansye yo pral resevwa yon rabè 100% nan men MFA pou depans pasyan an fè oswa pou yon pati nan frè pasyan an bay pou sèvis li resevwa ki sou kont li yo.

5.8.1.3.4 Pasyan an satisfè kritè evalyasyon resous yo. Yon pasyan ki satisfè kritè evalyasyon resous yo pral resevwa yon rabè nan men MFA sou baz yon echèl fleksib pou depans pasyan an fè oswa pou yon pati nan frè pasyan an bay pou sèvis li resevwa ki sou kont li yo.

5.8.1.3.5 Pasyan an satisfè kritè pou gwo depans medikal yo. Yon pasyan ki satisfè kritè pou gwo depans medikal yo pral resevwa yon rabè 100% nan men MFA pou depans oswa frè pasyan an bay pou sèvis li resevwa ki sou kont li yo.

5.8.1.4 Ranbousman ki soti nan règleman yo. KFHP/H ap chèche jwenn ranbousman li yo atravè règleman ki gen rapò ak responsablite sivil / asirans pèsònèl, moun ki peye yo, oswa lòt pati ki gen responsablite legal yo, si sa nesesè.

5.8.2 Peryòd kalifikasyon pou sibvansyon. Peryòd kalifikasyon pou sèvis swivi yo kòmanse apati dat apwobasyon an, oswa apati dat yo te bay sèvis yo, oswa apati dat yo te bay medikaman yo: Dire peryòd kalifikasyon an gen yon tan ki limite sèlman epi sa gen rapò ak desizyon KP a pran nan divès fason, tankou:

5.8.2.1 Peryòd tan ki presi. Yon maksimòm 365 jou pou sèvis swivi ki elijib yo ak balans depans pasyan yo idantifye anvan rekòmandasyon pou move dèt.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 18 nan 30

5.8.2.2 Swen enfimye espesyalize, sèvis Lojman ak swen entèmedyè. Yon maksimòm 30 jou pou sèvis yo bay deyò KP yo.

5.8.2.3 Ekipman medikal dirab. Yon maksimòm 180 jou pou ekipman medikal founisè a livre.

5.8.2.4 Pakou tretman oswa epizòd swen. Yon maksimòm 180 jou pou yon pakou tretman ak/oswa epizòd swen selon desizyon yon founisè KP pran.

5.8.2.5 Nouvo demann pou asistans finansye. Apati trant (30) jou anvan dat ekspirasyon sibvansyon ki egziste deja a ak nenpòt lè apre sa, yon pasyan ka fè yon nouvo demann pou pwogram nan.

5.8.3 Sibvansyon Anile, revoke, oswa modifiye. KFHP/H ka anile, revoke, oswa modifiye yon sibvansyon MFA, nan kèk sitiyasyon, selon sa li deside. Sitiyasyon tankou:

5.8.3.1 Fwòd, Vòl, oswa Chanjman Finansye. Yon ka fwod, fo deklarasyon, vòl, chanjman nan sitiyasyon finansye yon pasyan, oswa tout lòt sikonstans ki deranje entegrite pwogram MFA a.

5.8.3.2 Elajib pou pwogram kouvèti sante piblik ak prive yo. Yo evalye pasyan an pou pwogram kouvèti sante piblik ak prive yo estime li elajib pou yo, men li pa kolabore ak pwosesis aplikasyon pou pwogram sa yo.

5.8.3.3 Lòt sous peman yo idantifye. Kouvèti sante oswa lòt sous peman yo idantifye apre yon pasyan resevwa yon sibvansyon MFA, sa ki lakòz yon nouvo faktirasyon retwoaktif pou sèvis ki elajib yo. Nan ka sa a, yo pa faktire pasyan an pou pati sa a nan bòdwo a (1) ki sou kont pasyan an pèsònèlman epi (2) kouvèti asirans sante li a oswa lòt sous peman pa t peye pou li.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 19 nan 30

5.8.3.4 Chanjman nan kouvèti asirans sante. Y ap mande yon pasyan ki chanje kouvèti asirans swen sante pou li fè yon nouvo demann pou l patisipe nan pwogram MFA a.

5.8.3.5 Chanjman ki fèt nan revni fanmi an. Y ap mande yon pasyan ki gen chanjman ki fèt nan revni fanmi li pou li fè yon nouvo demann pou l patisipe nan pwogram MFA a.

5.9 Kontwole depans yo. Li entèdi pou faktire pasyan ki elijib nan MFA yo montan total la (sa vle di, depans brit yo) pou frè ospitalye ki elijib yo bay nan yon Lopital Kaiser Foundation. Yon pasyan ki te resevwa sèvis ospitalye ki elijib nan yon Lopital Kaiser Foundation epi ki kalifye pou pwogram MFA a men ki pa t resevwa yon sibvansyon MFA oswa ki refize yon sibvansyon MFA, yo pap faktire plis pase kantite lajan yo faktire jeneralman (amounts generally billed, AGB) pou sèvis sa yo.

5.9.1 Montan yo Faktire Jeneralman. Yo kalkile pou sant KP yo montan yo faktire jeneralman (AGB) pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo, jan sa mansyone nan seksyon VII nan addendum byen presi ki gen rapò ak rejyon ki konsène a. Gade *Addenda pou Rejyon Kaiser Permanente yo, Dokiman 1-8*.

5.10 Operasyon rekouvreman.

5.10.1 Efò notifikasyon ki rezonab. KFHP/H oswa yon ajans rekouvreman k ap aji nan non li fè efò rezonab pou enfòmè pasyan ki gen dèt oswa yon balans nan pwogram MFA a. Efò notifikasyon ki rezonab yo gen ladan:

5.10.1.1 Bay yon avi alekri nan 120 jou ki vin apre premye relve kont la apre egzayat, fè moun ki gen kont lan konnen MFA disponib pou moun ki kalifye yo.

5.10.1.2 Bay yon avi alekri ansanm ak lis operasyon rekouvreman ekstrawòdinè (extraordinary collection action, ECA) yo KFHP/H oswa yon ajans rekouvreman gen entansyon lanse pou peman dèt pasyan an, ak dat limit pou operasyon sa yo, ki pa pi bonè pase 30 jou apati dat avi alekri a.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 20 nan 30

5.10.1.3 Bay yon rezime nan yon langaj ki klè sou règleman MFA yo ak premye deklarasyon pasyan an nan lopital la.

5.10.1.4 Eseye enfòmè aloral moun ki mèt kont lan konsènan règleman MFA yo ansanm ak fason pou jwenn asistans atravè pwosesis demann MFA yo.

5.10.1.5 Detèmine kalifikasyon nan pwogram nan sou demann, anvan yo transfere dèt yo oswa balans pasyan an pa peye yo bay yon ajans rekouvremant.

5.10.2 Sispannyon operasyon ekstrawòdinè pou rekouvremant yo. KFHP/H pa mennen oswa pa pèmèt ajans rekouvremant yo mennen nan non li, operasyon ekstrawòdinè pou rekouvremant (extraordinary collection actions, ECA) kont yon pasyan si pasyan an:

5.10.2.1 Yon sibvansyon MFA aktif, oswa

5.10.2.2 Li te kòmanse yon demann MFA apre ECA yo te kòmanse. Yo te sispann ECA yo jiskaske yo te pran yon desizyon final sou kalifikasyon an.

5.10.3 Operasyon pou rekouvremant ekstrawòdinè ki otorize.

5.10.3.1 Desizyon final sou efò rezonab yo. Anvan yo lanse yon eca, responsab rejyonal sèvis finansye pou pasyan yo nan sik revni yo garanti sa ki annapre yo:

5.10.3.1.1 Fini efò rezonab yo pou enfòmè pasyan an sou pwogram MFA a, epi

5.10.3.1.2 Yo bay pasyan an omwen 240 jou apati premye relve bòdwo pou aplike pou MFA a.

5.10.3.2 Rapòte bay ajans kredi konsomasyon yo oswa biwo kredi yo. KFHP/H oswa yon ajans rekouvremant k ap aji nan non li ka rapòte enfòmasyon negatif yo bay ajans ki espesyalize nan evalyasyon kredi pou konsomasyon oswa bay biwo kredi yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 21 nan 30

5.10.3.3 Aksyon jidisyè oswa sivil. Anvan yo kòmanse nenpòt aksyon jidisyè oswa sivil, KFHP/H la valide sitiwayon finansye pasyan an lè l sèvi avèk sous done ekstèn pou detèmine si pasyan an kalifye pou pwogram MFA a.

5.10.3.3.1 Kalifye pou MFA. Yo pa pran okenn lòt dispozisyon kont pasyan ki elijib pou pwogram MFA yo. Yo te anile kont ki kalifye pou MFA yo epi retounen yo sou yon baz retwospektiv.

5.10.3.3.2 Pa kalifye pou MFA. Nan ka ki limite anpil, operasyon ki vin annapre yo ka fèt ak yon apwobasyon alavans nan men direktè finansye oswa kontwolè rejyonal la:

5.10.3.3.2.1 Sezi salè yo

5.10.3.3.2.2 Pwosè jiridik/aksyon sivil.
Yo pap mennen okenn aksyon jiridik kont yon moun ki pap travay epi ki pa gen lòt revni enpòtan.

5.10.3.3.2.3 Privilèj sou rezidans yo.

5.10.4 Yo entèdi operasyon pou rekouvremant ekstrawòdinè yo. KFHP/H pa fè, pa bay otorizasyon, oswa pa pèmèt ajans rekouvremant yo poze aksyon sa yo nan okenn sikonstans:

5.10.4.1 Repòte oswa refize bay swen akòz mèt kont lan pa peye yon dèt, oswa mande pou peye anvan yo bay swen ijans oswa ki nesèsè nan domèn medikal.

5.10.4.2 Vann dèt yon mèt kont genyen bay yon lòt pati.

5.10.4.3 Sezi byen oswa sezi kont yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 22 nan 30

5.10.4.4 Mande manda pou arete.

5.10.4.5 Mande òdonans pou gen sezi pwopriyete.

5.11 Entèkansyon nan ka gen katastwòf ak ijans nan sante piblik. KFHP/H gendwa modifye tanporèman kritè kalifikasyon yo ak pwosesis pou fè demann nan pwogram MFA li yo pou amelyore asistans ki disponib pou kominote yo ak pasyan ki viktim nan yon evènman popilè leta oswa gouvènman federal la kalifye kòm yon katastwòf oswa yon ijans nan sante piblik.

5.11.1 Posibilite pou modifye Kalifikasyon yo. Chanjman tanporè nan pwosesis demann MFA yo ka gen ladan:

5.11.1.1 Sispanasyon restriksyon kalifikasyon yo.

5.11.1.2 Ogmante nivo kritè evalyasyon resous yo.

5.11.1.3 Diminye nivo kritè pou gwo depans medikal yo.

5.11.2 Posibilite pou modifye pwosesis deman nan.

Chanjman tanporè nan pwosesis demann MFA yo ka gen ladan:

5.11.2.1 Pèmèt pasyan yo bay enfòmasyon finansye debaz yo (sa vle di, revni, si genyen, ak sous yo) epi sètifye validite yo lè (1) yo pa kapab verifye sitiyanon finansye pasyan an lè yo sèvi avèk sous done ekstèn yo; (2) enfòmasyon finansye yo mande yo pa disponib; epi (3) pa gen okenn lòt dokiman ki ka pwouve kalifikasyon li.

5.11.2.2 Lè yo konsidere enpak pèt salè/travay alavni ka genyen akòz evènman an lè y ap kalkile revni kay la.

5.11.3 Enfòmasyon ki disponib pou piblik la. Enfòmasyon ki dekri chanjman tanporè yo fè nan pwogram MFA yo disponib pou piblik la sou paj wèb pwogram MFA a ak nan lokal KP yo nan zòn ki konsène yo.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 23 nan 30

6.0 Anèks/Referans

6.1 Anèks

6.1.1 Anèks A – Glosè Tèm yo

6.2 Dokiman Siplèmantè

6.2.1 Dokiman an 1 – Addendum pou Kaiser Permanente Colorado

6.2.2 Dokiman 2 – Addendum pou Kaiser Permanente Georgia

6.2.3 Dokiman 3 – Addendum pou Kaiser Permanente Hawaii

6.2.4 Dokiman 4 – Addendum pou Kaiser Permanente Eta ki nan Sant Atlantik yo (Mid-Atlantic States)

6.2.5 Dokiman 5 – Addendum pou Kaiser Permanente Nò California

6.2.6 Dokiman 6 – Addendum pou Kaiser Permanente nan Nòdwès

6.2.7 Dokiman 7 – Addendum pou Kaiser Permanente nan Sid California

6.2.8 Dokiman 8 – Addendum pou Kaiser Permanente Washington

6.3 Referans

6.3.1 Lwa sou pwoteksyon pasyan ak swen abòdab yo, lwa piblik 111-148 (124 stat. 119 (2010))

6.3.2 Rejis Federal ak Gid Anyèl Federal sou Povrete

6.3.3 Piblikasyon sèvis enpo, 2014 Enstriksyon pou anèks H (Fòm 990)

6.3.4 Avi administrasyon enpo a pou 2010-39

6.3.5 Kòd Sèvis enpo, 26 CFR Pati 1, 53, ak 602, RIN 1545-BK57; RIN 1545-BL30; RIN 1545-BL58 – Lòt egzijans pou lopital imanité yo

6.3.6 Asosyasyon lopital California yo- Règleman sou asistans finansye nan lopital ak nan lwa sou avantaj kominotè yo, edisyon 2015

6.3.7 Asosyasyon sante katolik nan Etazini – Yon gid pou planifikasyon ak rapò sou avantaj kominotè yo, edisyon 2012

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 24 nan 30

6.3.8 Lis founisè yo. Lis founisè yo disponib sou sitwèb KFHP/H yo pou:

6.3.8.1 Kaiser Permanente nan Hawaii
(www.kp.org/mfa/hawaii)

6.3.8.2 Kaiser Permanente nan Nòdès
(www.kp.org/mfa/nw)

6.3.8.3 Kaiser Permanente nan Nò California
(www.kp.org/mfa/ncal)

6.3.8.4 Kaiser Permanente nan Sid California
(www.kp.org/mfa/scal)

6.3.8.5 Kaiser Permanente nan Washington
(www.kp.org/mfa/wa)

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 25 nan 30

Anèks A – Glosè Tèm yo

Community MFA (CMFA) – Pwogram asistans finansye medikal ki planifye an kolaborasyon ak òganizasyon kominotè yo ak rezo sekirite pou bay aksè ak swen medikal ki nesèsè pou pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans nan sant KP yo.

Ajans rekouvremant – Yon moun oswa yon òganizasyon ki, atravè aksyon dirèk oswa endirèk, fè oswa pratike rekouvremant oswa k ap eseye kolekte yon dèt ki dwe, oswa yo sipoze dwe, yon kreditè oswa yon ajan rekouvremant.

Ekipman Medikal Dirab (DME) – Pa sèlman gen ladan: baton estanda yo, beki, aparèy nebilizasyon, pwodui yo gen entansyon itilize, aparèy traksyon sou pòt yo pou itilize nan kay la, chèz woulant, wòkè, kabann lopital, ak oksijèn pou itilize nan kay la selon kritè DME yo. Nan DME yo pa gen otèz, pwotèz (pa egzant, atèl/otèz dinamik, ak larenks atifisyèl ak founiti) ak pwodui yo vann san preskripsyon ak machandiz ki soup (egzanp, founiti pou iwoloji ak founiti pou blesi).

Pasyan ki elijib yo – Yon moun ki satisfè kritè kalifikasyon ki dekri nan règleman sa a, menmsi pasyan an (1) pa gen asirans; (2) ap resevwa pwoteksyon atravè yon pwogram piblik (pa egzant, Medicare, Medicaid, oswa kouvèti swen sante sibvansyon yo achte atravè yon bous asirans sante); (3) gen asirans nan yon plan sante ki pa KFHP; oswa (4) gen kouvèti KFHP.

Sous done ekstèn yo – Yo sèvi ak founisè endepandan pou egzamine enfòmasyon pèsonèl yon pasyan pou evalye bezwen finansye li yo lè yo itilize yon modèl ki baze sou baz done achiv piblik yo ki evalye chak pasyan selon menm prensip yo pou kalkile pèfòmans finansye yon pasyan.

Gid Federal Povrete (Federal Poverty Guidelines, FPG) – Nivo revni anyèl pou povrete jan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini yo defini l lan epi yo mete yo ajou chak ane nan Rejis Federal la.

Konsèy Finansye – Pwosesis yo itilize pou ede pasyan yo egzamine divès opsyon finansman ak kouvèti medikal ki disponib pou peye sèvis yo bay nan lokal KP yo. Pasyan ki ka mande konsèy finansye yo pa sèlman gen ladan, pasyan k ap peye pou tèt yo, pasyan ki pa gen asirans, pasyan asirans yo pa sifi, men tou moun ki te fè konnen yo pa kapab peye tout dèt pasyan an genyen yo.

Sanzabri – Sitiyasyon ki dekri kondisyon yon moun ap viv, jan sa dekri anba a:

- Nan zòn ki pa ki pa fèt pou moun abite, tankou nan machin, nan pak, sou twotwa, nan kay ki abandone (nan lari a).

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 26 nan 30

- Nan yonabri pou ijans.
- Nan lojman pasaj oswa akonpayman pou moun ki sanzabri yo ki t ap viv deja nan lari oswa nanabri ijans.
- Nan nenpòt nan kote ki anwo yo, men l ap pase yon ti tan (jiska 30 jou youn deyè lòt) nan yon lopital oswa yon lòt enstitisyon.
- Yo mete l deyò nan yon semèn nan yon kay prive oswa li sove paske l ap sibi vyolans domestik san li pa jwenn lòt kote pou l rete epi li pa gen mwayen ak kontak ki nesèsè pou jwenn yon lojman.
- Yo egzeyate l nan yon semèn nan yon enstitisyon, tankou yon sant tretman sante mantal oswa tretman pou depandans kote moun nan te rete pou plis pase 30 jou youn deyè lòt epi yo pa t idantifye li gen okenn lòt rezidans epi moun nan pa gen mwayen finansye epi li pa gen okenn kontak ak lòt moun ki ta ka ede l jwenn yon lojman.

KP – Gen ladan Lopital Kaiser Foundation yo ak klinik ki afilye avè l yo, Plan Sante Kaiser Foundation yo, Gwoup Medikal Permanente yo, ak filyal respektif yo, eksepte Konpayi Asirans Kaiser Permanente (Kaiser Permanente Insurance Company, KPIC).

Sant KP yo – Tout lokal fizik, ki gen ladan anndan ak deyò yon bilding, KP posede oswa lwe nan kad aktivite komèsyal li yo, ki gen ladan bay pasyan yo swen (pa egzansp, yon bilding, oswa yon etaj ki pou KP, yon inite, oswa lòt espas ki anndan oswa deyò nan yon bilding ki pa pou KP).

Evalyasyon resous yo – Metòd ki pèmèt yo itilize sous done ekstèn oswa enfòmasyon pasyan an bay yo pou detèmine kalifikasyon pou yon pwogram kouvèti piblik oswa MFA selon si revni moun nan kay la pi gran pase yon pousantaj yo presize nan Gid Povrete Federal yo.

Asistans Finansye Medikal (Medical Financial Assistance, MFA) – Yon pwogram ki bay sibvansyon pou peye depans medikal pou pasyan ki elijib ki pa kapab peye pou tout oswa yon pati nan sèvis, pwodui oswa medikaman ki nesèsè sou plan medikal, epi ki te fin itilize tout sous peman piblik ak prive yo. Moun yo oblije satisfè kritè pwogram yo pou yo ka jwenn èd pou peye kèk oswa tout depans ki gen rapò ak swen pasyan an.

Founiti Medikal – Materyèl medikal ki pa ka itilize ankò tankou atèl, echap, pansman pou blesi, ak bandaj yon founisè swen sante ki apwouve te itilize pandan l ap bay yon sèvis medikal ki nesèsè, sa pa gen ladan materyèl yon pasyan achte oswa ki te soti nan yon lòt sous.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 27 nan 30

Depans Pasyan an fè – Pati nan depans yo faktire yon pasyan pou swen li resevwa nan sant KP yo (pa egzanp, nan lopital, nan klinik ki afilye ak lopital yo, nan sant medikal yo, nan klinik medikal ak famasi pou pasyan ekstèn yo) yon asirans oswa yon pwogram swen sante ki jwenn finansman piblik pa t ranbouse.

Dispans pou Famasi – Ofri asistans finansye pou manm ki gen fèb revni ki nan pwogram KP Senior Advantage Medicare Pati D a ki pa kapab peye pati depans pa yo a pou medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn ki gen ouvèti Medicare Pati D.

Rezo Sekirite – Yon sistèm òganizasyon ki pap chèche fè pwofi ak/oswa ajans nan gouvènman an ki bay sèvis swen medikal dirèk pou moun ki pa gen asirans oswa ki defavorize nan yon anviwònman kominotè tankou yon lopital piblik, klinik kominotè, legliz, abri pou moun ki sanzabri, inite sante mobil, lekòl, elatriye.

Moun ki pa Gen Ase Asirans – Yon moun ki, malgre li gen pwoteksyon swen sante, estime obligasyon pou peye prim asirans yo, kopeman, ko-asirans, ak franchiz reprezante yon fado finansye ki vrèman lou, epi sa lakoz pasyan an gen reta oswa li pa resevwa sèvis swen sante ki nesèsè yo paske li dwe peye pou sa.

Moun ki pa gen asirans – Yon moun ki pa gen asirans swen sante oswa asistans finansye federal oswa eta a finanse pou ede peye pou sèvis swen sante yo.

Popilasyon Defavorize – Gwoup demografik ki gen sante ak byennèt yo ki konsidere kòm bagay ki gen plis risk pase popilasyon jeneral la akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo, maladi, orijin etnik, laj, oswa lòt faktè andikap.

Òdonans arestasyon – Yon pwosesis yon tribinal lanse ki mande otorite yo pou mennen yon moun devan tribinal la paske yo jwenn li koupab akòz li pa respekte obligasyon sivil yo, menm jan ak yon manda arestasyon.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 28 nan 30

ADDENDUM: Kaiser Permanente Georgia**DAT ANTRE AN VIGÈ ADDENDUM NAN: 1ye janvyè 2024**

- I. Etablisman KFHP/H yo.** Politik sa a aplikab pou tout etablisman KFHP/H yo (pa egzanp, sant medikal ak bilding ki gen klinik medikal yo) epi famasi pou pasyan ki pa entène yo. Li pa aplikab pou okenn lopital nan Georgia.
- II. Sèvis Anplis ki Elijib ak Sèvis ki Pa Elijib nan Kad Politik MFA yo**
 - a. Sèvis Anplis ki Pa elijib**
 - i. Aparèy pou tande
 - ii. Materyèl optik
- III. Founisè ki Konsène oswa ki Pa Konsène nan Politik MFA yo.** Pa aplikab.
- IV. Enfòmasyon sou Pwogram nan ak Aplikasyon pou MFA.** Enfòmasyon sou pwogram MFA yo, san wete kopi politik MFA yo, fòmilè demann yo, enstriksyon, ak rezime nan langaj klè (sa vle di, bwochi pwogram yo) disponib gratis pou piblik la an jeneral, sou fòma elektwonik oswa sou papye. Yon pasyan ka aplike pou pwogram MFA a pandan oswa apre l fin resevwa swen nan KFHP/H sou plizyè fason, tankou sou entènèt, an pèsòn, nan telefòn, oswa sou papye. (Al gade nan seksyon 5.3 ak 5.4 nan politik la)
 - a. Ranpli epi Soumèt yon Demann Anliy Apati Sit Entènèt KFHP/H la.** Yon pasyan kapab kòmanse epi soumèt enfòmasyon pou demann yo sou fòm elektwonik apati sit entènèt MFA a nan www.kp.org/mfa/ga.
 - b. Telechaje Enfòmasyon sou Pwogram nan sou Sit Entènèt KFHP/H.** Kopi elektwonik ki gen enfòmasyon sou pwogram yo disponib sou sit entènèt MFA a nan www.kp.org/mfa/ga.

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 29 nan 30

- c. **Mande enfòmasyon sou pwogram nan pa mwayen elektwonik.** Kopi elektwonik enfòmasyon sou pwogram yo disponib sou demann pa mwayen imèl.
- d. **Jwenn enfòmasyon sou pwogram nan oswa aplike an pèsòn.** Gen konseye ki disponib nan etablisman KP yo pou bay enfòmasyon sou pwogram nan epi pou detèmine elijiblite pou MFA san pèdi tan. Gen konseye ki disponib nan bilding ki gen klinik medikal ki vin apre yo, pou ede pasyan yo:

Cascade Medical Center	Crescent Medical Center
Cumberland Medical Center	Glenlake Medical Center
Gwinnett Medical Center	Panola Medical Center
Sandy Springs Medical Center	Southwood Medical Center
Sugar Hill-Buford Medical Center	Town Park Medical Center

- e. **Mande enfòmasyon sou pwogram nan oswa aplike nan telefòn.** Konseye yo disponib pou bay enfòmasyon nan telefòn, pou detèmine kalifikasyon nan MFA, epi ede yon pasyan aplike pou MFA. Ou ka kontakte konseye yo nan:

Nimewo Telefòn: 1-404-949-5140
TTY: 1-800-255-0056

- f. **Mande enfòmasyon sou pwogram nan oswa Aplike nan Kourye.** Yon pasyan ka mande enfòmasyon sou pwogram nan epi aplike pou MFA lè li soumèt yon aplikasyon konplè pou pwogram MFA a nan lapòs. Demann enfòmasyon ak aplikasyon yo ka voye nan lapòs bay:

Kaiser Permanente
Pou: MFA Program
Ten Piedmont Center - 3rd Floor
3495 Piedmont Road, Northeast
Atlanta, Georgia 30305-1736

TIT RÈGLEMAN AN: Medical Financial Assistance	NIMEWO RÈGLEMAN AN NATL.CB.307
SÈVIS KI RESPONSAB YO Sante Kominotè Nasyonal	DAT LI ANTRE ANVIGÈ 1ye Janvyè 2024
PWOPRIYETÈ DOKIMAN AN Direktè, Asistans Finansye Medikal	PAJ 30 nan 30

g. **Remèt aplikasyon ki ranpli a an pèsòn.** Ou kapab remèt aplikasyon ki ranpli a an pèsòn nan nenpòt bilding ki gen klinik medikal KP.

V. Kritè Elijiblite. Yo konsidere revni kay yon pasyan lè y ap detèmine kalifikasyon pou MFA. (Al gade nan seksyon 5.6.1 nan politik la)

a. Kritè evalyasyon resous yo: jiska 300% nan Gid Povrete Federal la.

VI. Pwogram Rabè. Kantite lajan KP chaje yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye medikal yo baze sou nati kritè kalifikasyon yo te itilize pou kalifye pasyan an nan pwogram nan.

a. **Pasyan an Ranpli Kritè Evalyasyon Resous yo.** Yon pasyan ki ranpli kritè evalyasyon resous yo pral resewva yon rabè ki ap redui sou depans pasyan an oswa sou yon pati nan frè pasyan an bay pou sèvis li resewva ki sou kont li yo. Yo detèmine kantite rabè a dapre revni moun lakay pasyan an fason ki vin apre a:

Pousantaj Liy Direktiv Povrete Federal yo		Rabè sou asistans finansye
Soti nan	Jiska	
0%	200%	100% Rabè
201%	300%	50% Rabè

Si yo akòde yon rabè pasyèl (mwens pase 100%), yo oblije peye balans ki rete a nèt oswa pasyan an gen opsyon pou li tabli yon plan pèman san enterè.

VII. Baz pou Kalkile Montan yo Faktire an Jeneral (Amounts Generally Billed, AGB): Montan yo Faktire an Jeneral yo aplike pou sèvis lopital elijib yo bay nan yon Lopital Kaiser Foundation.